

NAN TRIBINAL LA E POU KONTE MIAMI-DADE, FLORID.											
DEPATMAN ☐ CIVIL		MANDA DEGÈPISMAN REZIDANSYÈL		NIMEWO DOSYE							
PLENYAN		KONT DEFANDE		SÈVIS							
POU DEFANDE		ADRÈS									
TANPRI LI AK ATANSYON _____ rele ou lajistis pou egzije ou kite pwopriyete ki nan _____ pou rezon yo bay nan dokiman plent ki atache a. Ou genyen dwa a yon pwosè pou deside si yo kapab egzije w kite kay la, men ou DWE fè TOUT bagay ki endike pi ba a. Ou dwe fè yo nan 5 jou (esepite samdi, dimanch oswa jou ferye legal) apre dat yo te remèt papye sa yo ba ou oswa bay yon moun ki abite avè w oubyen apre dat yo te afiche papye sa yo sou kay ou. MEN KI BAGAY OU DWE FÈ POU W KONTESTE DEGÈPISMAN AN: 1. Ekri pou ki rezon ou panse yo pa dwe fòse w kite kay la. (Ou ka itilize Fòm Kou Siprèm Florid 1.947(b), Repons—Degèpisman Rezidansyèl, pou w fè sa.) Ou dwe remèt rezon an (rezon yo) alekri bay grefye tribinal la nan youn nan adrès tribinal Konte Miami-Dade yo ki endike la a. ADRÈS TRIBINAL KONTE MIAMI-DADE YO <table><tr><td>ONS Justice Center Central Court 05) Room 6.240 20 NW 1st Ave Miami, Florida 33128</td><td>Joseph Caleb Center Court (20) Suite 103 5400 N.W. 22nd Avenue Miami, Florida 33142</td><td>North Dade Justice Center (23) Room 100 15555 Biscayne Blvd. North Miami Beach, Florida 33160</td><td>Hialeah District Court (21) Room 100 11 East 6th Street Hialeah, Florida 33010</td></tr><tr><td>Coral Gables District Court (25) Room 100 3100 Ponce De Leon Blvd. Coral Gables, Florida 33134</td><td>South Dade Justice Center (26) Room 1200 10710 S.W. 211th Street Miami, Florida 33189</td><td></td><td></td></tr></table> (2) Voe yon kopi rezon alekri a(yo) pa lapòs oswa pote l bay: (antre non ak adrès mèt kay la) _____. (3) Peye grefye tribinal la lwaye ou dwe a. Ou DWE peye grefye tribinal la lwaye a chak fwa li lè pou w peye l jiskaskè pwosè a fini. Kit ou genyen pòwsè a oswa ou pèdi l, jij la ka remèt lwaye sa a bay pwopriyete a. (Daprè lalwa, lokatè lojman piblik oswa lokatè ki resevwa sibvansyon lwaye dwe oblije peye sèlman pòsyon lwaye total la ke lokatè a responsab pou li peye a dapre pwogram federal, pwogram Eta, oswa pwogram lokal li ap patisipe ladan an). (4) Si oumenm ak mèt kay ou a pa dakò sou montan lwaye ou dwe a, ou dwe depoze yon demann alekri (yon mosyon) ki mande jij la deside ki valè lajan ou dwe peye grefye tribinal la. Ou dwe depoze demann ekri a avèk repons ou pou plent degèpisman an. Ou dwe voye yon kopi mosyon ou an pa lapòs tou oswa remèt li bay avoka plenyàn an (plenyàn yo) nan men, oubyen si plenyàn an (plenyàn yo) pa gen avoka, remèt li bay plenyàn an. SI OU PA FÈ TOUT BAGAY SA YO NAN LESPAS 5 JOU (ESEPTE SAMDI, DIMANCH AK JOU FERYE LEGAL POU TRIBINAL OU A), YO KA FÈ W DEGÈPI SAN YON ODYANS OSWA SAN YON LÒT AVI. Delè pou moun bay repons pou yon manda degèpisman se yon delè ki kout (5 jou ouvrab esepite wikenn ak jou ferye legal). Si ou vle anboche yon avoka pou ede w reponn, ou kapab kontakte Sèvis Referans Avoka Bawo Miami-Dade la nan 1-888-305-5291 oswa anliy nan https://www.miamidadebar.org/lawyer-referral-service/ . Si ou pa gen mwayen pou w peye yon avoka, ou kab kalifye pou ed legal gratis nan men: Miami-Dade County's Eviction Diversion Program (Pwogram Dejdisyaryasyon Degèpisman Konte Miami-Dade) nan 305-576-0080 oswa https://evictionhelpmiamidade.org/ , Dade Legal Aid nan 305-579-5733 oswa https://dadelegalaid.org/ .				ONS Justice Center Central Court 05) Room 6.240 20 NW 1st Ave Miami, Florida 33128	Joseph Caleb Center Court (20) Suite 103 5400 N.W. 22nd Avenue Miami, Florida 33142	North Dade Justice Center (23) Room 100 15555 Biscayne Blvd. North Miami Beach, Florida 33160	Hialeah District Court (21) Room 100 11 East 6th Street Hialeah, Florida 33010	Coral Gables District Court (25) Room 100 3100 Ponce De Leon Blvd. Coral Gables, Florida 33134	South Dade Justice Center (26) Room 1200 10710 S.W. 211th Street Miami, Florida 33189		
ONS Justice Center Central Court 05) Room 6.240 20 NW 1st Ave Miami, Florida 33128	Joseph Caleb Center Court (20) Suite 103 5400 N.W. 22nd Avenue Miami, Florida 33142	North Dade Justice Center (23) Room 100 15555 Biscayne Blvd. North Miami Beach, Florida 33160	Hialeah District Court (21) Room 100 11 East 6th Street Hialeah, Florida 33010								
Coral Gables District Court (25) Room 100 3100 Ponce De Leon Blvd. Coral Gables, Florida 33134	South Dade Justice Center (26) Room 1200 10710 S.W. 211th Street Miami, Florida 33189										
ETA FLORID: POU CHAK CHERIF NAN ETA A: Ou resevwa lòd pou w sèvi manda sa a ak yon kopi plent nan pwosè sa a bay defandè ki gen non li mansyone anwo a. Nan DAT _____ jou nan mwa _____, 20_____. Grefye Tribinal la ak Kontwolè Non moun ki sèvi papye yo : _____ Grefye Adjwen Adrès Grefye a: _____ Nim. telefòn _____											
Juan Fernandez-Barquin, Grefye Tribinal la ak Kontwolè Tibinal Sikui ak Tribinal Konte Konte Miami-Dade yo											
AVI ADA SOU LWA 1990 POU AMERIKEN KI GEN ANDIKAP “Si ou se yon moun ki gen yon andikap epi ou bezwen nenpòt akomodman pou w patisipe nan pwosè sa a, ou genyen dwa pou yo ofri w sèten asistans, san sa pa koute w senk kòb. Tanpri kontakte, Kowòdonatè ADA Tribinal Onzyèm Sikui Jidisyè a, Lawson E. Thomas Courthouse Center, 175 NW 1st Ave., Suite 2400, Miami, FL 33128, Telefòn (305) 349-7175; TDD (305) 349-7174; Imel ADA@jud11.flcourts.org; Faks (305) 349-7355 omwen sèt (7) jou anvan dat randevou pou konparisyon ou nan tribinal, oswa imedyatman apre ou resevwa notifikasyon sa a si tan ki rete anvan dat konparisyon an mwens pase sèt (7) jou; si ou gen yon andikap ki anpeche w tande byen oswa ki anpeche vwa w soti klè, rele 711.”											